

## Sizyèm Leson

Jodia nou vle mande tout etidyan lang kreyòl la, pou yo repase alfabè kreyòl la chak jou pou jiskaske yo konnen tout lèt alfabè ya. Nap reinprimel pou nou ka jwenn yo alèz kòm referans.

a, an, b, ch, d, e, è, en, f, g, h, i, j, k, l, m, n, ng, o, ò, on, ou, oun, p, r, s, t, ui, v, w, y, z

Jodia nap li kreyòl la:

Nan jounen sila a, nou gen pou nou wè, nou gen pou nou tandè. Tandè ak wè se de. Lè nou panse ke kreyòl la pa gen mo ase pou eksprime sa nou vle di, se desann nap desann tèt nou ak tout gwo travay anpil Ayisyen ap fè pou bay lang nan jarèt.

Nan lang kreyòl la, nou ka fè matematik, fizik, chimik, teknoloji elatriye. Nou ka ekri bèl pwezi ki pou nou fè tout moun rele anmwe, fanm tonbe sou tèt, gason pran rak.

### **Ki peyi ki pale Kreyòl?**

Anvan nou reponn kesyon sa-a, fòk nou fè yon ti entwodiksyon sou itilizasyon mo kreyòl la:

Tout fwa lang kolonizatè yo konbine ak lang endijèn pou kreye yon lòt lang ki vin sèvi kòm lang matènèl yon pèp yo rele lang tou nèf la: kreyòl. Konsa, si ou louvri yon liv lengistik ou va sèzi wè ki kantite kreyòl ki ekziste sou latè. Kidonk, nou reponn kesyon an sèlman pou kreyòl ki gen enfliyan franse.

Repons: Men yon lis teritwa kote yo pale kreyòl (ki gen enfliyan franse):

1. Ayiti epi dyaspora ayisyen toupatou sou latè
2. Matinik ak Gwadeloup (Teritwa Lafrans nan Karayib)
3. Ladominik (Karayib)
4. Sentlisi (Karayib)
5. Grenad (Karayib)
6. Zile Tik ak Kayikòs (Karayib)
7. Lalyuzyàn (Teritwa Etazini)
8. Giyan Franse (Amerikdisid)
9. Lareyinyon (Afrik)
10. Rodrig (Afrik)
11. Sechèl (Afrik)

## 12. Zile Moris (Afrik)

Nan lis sa-a, gen 2 peyi ki rekonèt kreyòl kòm lang ofisyèl pèp yo:

Ayiti (1987)

Sechèl (1977)

<http://www.kreyol.org/kesyonr.htm>